



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON VÈSYON PRELIMINÈ PLAN
DIREKTÈ TRANSPÒ ETA NOUYÒK POU 2050 POU PIBLIK LA KONSILTE**

*Plan an bay yon vizyon alontèm pou "transpò ki santre sou kominote" nan Eta
Nouyòk*

Nou ankouraje piblik la revize plan an epi patisipe nan fowòm vityèl yo nan 8 jiyè

Revize plan an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke bouyon Plan Direktè pou Transpò Eta Nouyòk pou 2050, ki pral sèvi kòm gid pou devlopman enfrastrikti transpò eta a pandan plizyè dizèn lane k ap vini yo, disponib kounye a pou piblik la konsilte. Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT), an patenarya ak lòt ajans transpò atravè eta a, prepare plan sa a ki vize lavni, epi yo ap chèche opinyon piblik kounye a pou ede finalize vèsyon final dokiman an, ki prevwa pou fen sezon ete sa a. Nou ankouraje manm piblik la pou konsilte bouyon plan an epi patisipe nan youn nan de fowòm piblik vityèl ki pwograme pou 8 jiyè.

"Eta Nouyòk ap fè investisman istorik pou rebati enfrastrikti nou pou reponn ak defi 21yèm syèk la, e nou vle kenbe elan sa a pou kontinye nan lavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout moun li bouyon plan direktè sa a epi bay kòmantè yo pou nou ka asire Nouyòk yo jwenn yon rezo transpò ki satisfè bezwen yo, pa sèlman pou jodi a, men tou pou dizèn lane k ap vini yo."

NYSDOT rekonèt transpò enplike plis bagay pase enfrastrikti — li gen pou wè ak moun, lokal ak eksperyans. Chak jou, plizyè milyon rezidan ak vizitè Nouyòk konte sou rezo wout, transpò piblik, pis pou bisiklèt ak twotwa eta a pou jwenn djòb, edikasyon, swen sante ak lwazi. Otowout, ray tren, ayewopò ak pò Nouyòk yo sipòte sikilasyon pwodwi ak machandiz esansyèl epi konekte kominote yo atravè eta a ak mond lan. Desizyon konsènan transpò jodi a pral gen enpak ki dire lontan.

An menm tan, chanjman ap fèt rapid, epi gen nouvo defi ak pwoblèm pou konsidere — tankou chanjman nan konpòtman vwayaj, nouvo pwogrè nan teknoloji, ak move tan ki pi ekstrèm ke chanjman klimatik lakoz. Kòm yon rezilta, gen yon bezwen vital pou gade pi

lwen pase pwojè transpò espesifik jodi a epi kreye yon vizyon global pou avni transpò nan kominote nou yo.

Bouyon Plan Direktè pou Transpò Eta Nouyòk la pral etabli yon vizyon pou "transpò ki santre sou kominote" a nan tout Eta Nouyòk avèk yon pèspektiv pou 2050. Li pral idantifye politik ak priyorite pou sipòte kominote k ap pwospere, vitalite ekonomik, yon anvivònman pwòp ak an sante, ak lòt objektif kominotè. Espesyalman, li:

- Dekri sistèm transpò ki egziste deja nan Nouyòk ak fason li fonksyone;
- Diskite sou tandans kle yo ak pwoblèm ki afekte transpò yo prevwa k ap enpòtan alavni;
- Idantifye bi transpò, objektif, ak mezi pèfòmans pou swiv pwogrè; epi
- Defini direksyon estratejik, politik, ak priyorite pou sistèm transpò miltimodal Eta Nouyòk la

Opinyon piblik la enpòtan anpil pou asire plan an pran an kont bezwen transpò tout rezidan ak vizitè nan eta a. Nou ankouraje manm nan piblik la pou yo vizite [sitwèb Plan Direktè Transpò Eta Nouyòk 2050 la](#) pou revize bouyon dokiman an, bay kòmantè, epi enskri pou resevwa mizajou nan lavni. Enfòmasyon sou fason pou enskri pou fowòm piblik vityèl yo, ki pwograme pou madi 8 jiyè soti 1 p.m. rive 2 p.m., epi soti 6:30 p.m. rive 7:30 p.m., disponib tou sou sitwèb la.

NYSDOT pran angajman atravè tout rejyon eta a, ki gen ladan sansibilizasyon anvé kominote ki istorikman defavorize epi bay opòtinite pou moun tout laj ak tout kapasite yo patisipe. Pou asire moun ki bezwen èd ka jwenn aksè ak Bouyon Plan an epi patisipe nan Fowòm Piblik Vityèl yo, yo ka fè demann pou akomodasyon lè yo voye yon imèl bay Colleen Smith-Lemmon nan: Colleen.Smith-Lemmon@dot.ny.gov.

Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pou nou ka vrèman reyalize misyon nou ki se bay tout Nouyòkè yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, aksesib, ak rezistan, nou dwe gade bezwen transpò jenerasyon k ap vini yo epi prepare tèt nou pou satisfè yo. Bouyon plan direktè sa a se yon etap nan pwosesis sa a, e pou nou reyisi, nou bezwen opinyon tout moun. Mwen ankouraje tout moun li bouyon plan direktè a epi ba nou kòmantè yo pou nou ka travay sou yon rezo transpò ki konplètman aksesib pou tout Nouyòkè."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Transpò fè pati lavi chak jou plizyè milyon Nouyòkè. Soti nan deplase pou ale travay ak lekòl rive nan jwenn swen sante ak sèvis esansyèl, transpò enpòtan anpil pou kenbe kominote k ap pwospere ak konekte. Bouyon Plan Transpò Gouvènè Hochul la ofri yon opòtinite pou evalye lavni mobilite nan Nouyòk — li adrese nouvo teknoloji k ap parèt, amelyorasyon enfrastrikti, ak solisyon ki reziste ak chanjman klimatik. M ap revize plan an e mwen ankouraje tout Nouyòkè patisipe nan fowòm piblik yo pou ede nou garanti yon lavni transpò ki mache pou tout moun."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Pibliye bouyon Plan Direktè Transpò 2050 pou Eta Nouyòk se yon etap enpòtan pandan Nouyòk ap chèche bati yon rezo transpò ki an sekirite, efikas, rezistan, ak modèn. Mwen pa ka tann pou m revize bouyon an ak rekòmandasyon li yo."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekita, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)